



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
KECAMATAN CINAMBO



SEKOLAH DASAR NEGERI 172 ANDIR KIDUL

Jl. A.H Nasution No. 38 A Kota Bandung 40612 Email: sdnandirkidul@gmail.com

NPSN : 20245439 Terakreditasi A (Unggul) 1346/BAN-SM/SK/2021 NSS : 011102126029

PENIALAIAN HARIAN
TAHUN PELAJARAN 2023/2024
BAHASA SUNDA

I. Pilih jawaban anu bener !

1. Nyarita hareupeun balaréa disebut ...
 - A. paguneman
 - B. biantara
 - C. obrolan
 - D. sindiran
2. Urang kudu ngajaga kaberesihan **sangkan** séhat.
Kecap **sangkan** hartina ,,,
 - A. bener-bener
 - B. supaya
 - C. pancén
 - D. kotor
3. Tatakruma dina biantara diantarana artikulasi. Artikulasi the nyaeta ...
 - A. cara ngucapkeun kecap kudu haharewosan
 - B. cara ngucapkeun kecap kudu laun
 - C. cara ngucapkeun kecap kudu jentre
 - D. cara ngucapkeun kecap kudu lambat
4. Nu teu kaasup kana struktur biantara nyaeta ...
 - A. bubuka
 - B. eusi
 - C. tujuan
 - D. panutup

5. Biantara anu dibawakeun tanpa persiapan sarta ngandelkeun pangalaman jeung wawasan disebut biantara metode ...
- A. impromptu
 - B. ekstemporan
 - C. maca naskah
 - D. menghafal

II. Pilih sababaraha jawaban anu bener !

6. Di handap ieu kaasup bubuka biantara nyaéta ...

- ☐ Puji sinareng syukur kasanggakeun ka Allah anu murbeng alam.
- ☐ Kabiasaan hirup séhat di lingkungan sakola dikawitan tina diri urang heula.
- ☐ Langkung tipayun simkuring ngahaturkeun nuhun dipaparin kasempetan sasagem dipayun
- ☐ Lajeng omat urang sadayana kedah sadar miceun runtah kana tempatna.

7. Di handap ieu kaasup eusi biantara nyaéta ...

- ☐ Mung sakitu anu kapihatur, hatur nuhun kana perhatosannana.
- ☐ Raksukan téh kedah dilicin supados rapih sareng kuman-kumanna paraéh.
- ☐ Upami hoyong ka jamban boh kahampangan, boh miceun, tilasna kedah dibanjur sing dugi ka beresih.
- ☐ Solawat sareng salam kasanggakeun ka junjungan urang sadayana Nabi Muhammad SAW.

8. Solawat **miwah** salam kasanggakeun ka junjungan urang sadayana, Nabi Muhammad SAW.

Dina kalimah diluhur harti kecap **miwah** nyaéta ...

- ☐ sareng
- ☐ dulur
- ☐ batur
- ☐ jeung

9. Simkuring **kapapancénan** ngadugikeun perkawis kaséhatan masarakat.

Kecap **kapapancénan** hartina ...

- ☐ meunang tugas
- ☐ meunang pagawéan
- ☐ meunang proyék
- ☐ meunang maén

10. Di handap ieu nu kaasup kalimah kaayaan nyaéta ...

- ☐ Abdi bade mios.
- ☐ Tiung bodas.
- ☐ Irung mancung.
- ☐ Bapa nuju kulem.

II. Pilihlah bener atanapi salah pernyataan di handap !

No	Pernyataan	Benar	Salah
11	Biantara disebut ogé paguneman.		
12	Jalma anu nepikeun biantara disebut orator.		
13	Urutan struktur biantara nyaéta bubuka, panutup eusi.		
14	Caina hérang. Kalimah diluhur kaasup kalimah kaayaan.		
15	Diajar kudu soson-soson. Harti kecap soson-soson nyaéta bener-bener.		

III. Jawab pananya di handap !

- 16. Jieun kalimah tina kecap kadaharan !
- 17. Jieun hijinkalimah kalimah kaayaan !
- 18. Tulis kalimah anu kaasup panutup biantara !

Baca penggalan teks di handap pikeun soal nomor 19 jeung 20 !

Kanca mitra, sangkan kagiatan diajar urang teu kaganggu, urang sadayana kedah séhat. Carana supados séhat, urang kedah ngabiasakeun diri hirup sehat di lingkungan sakola. Kabiasaan hirup sehat di lingkungan sakola dikawitan tina diri urang heula. Umpamana saporantos beres olahraga, awak urang kalotor jaba ngésang. Lajeng beberesih, salin raksukan olahraga ku raksukan olahraga sadidinten. Ulah hilap wawasuh panangan sareng sampéan.

19. Dikawitan ti saha ngabiasakeun hirup séhat ?

20. Naon nu kedah dilakukeun saatos bérés olahraga sangkan urang séhat ?